

Sèvis pou Emigre ak Ouvriye Agrikòl Sezonye yo (MSFW) a travè Sant Karyè *One-Stop* yo

Pwogram MSFW pou Ede Moun Jwenn Travay

Ajans pou Inovasyon Mendèv la (The Agency for Workforce Innovation) ede Konsèy Administrasyon Inovasyon Mendèv nan operasyon yon pwogram pou ede moun jwenn travay ak yon pwogram travay pou Émigré ak Ouvriye Agrikòl Sezonye yo (MSFW)yo. A tan plen, pandan tout ane a, moun ke travay yo se chèche travay pou moun ap mennen aktivite pou yo kapab foure kò yo fon otan posib nan popilasyon ouvriye agrikòl yo. An plis, Sant Karyè *One-Stop* yo itilize estaf lòt ajans ak volontè pou bay travayè agrikòl yo enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo. Epitou rezo sèvis sa jwenn sipò Defansè Siveyan Eta a ki ale nan lokal travay yo menm pou tcheke Kalite ki ekziste nan lokal travay yo vizite Sant Karyè Enpòtan *One-Stop* ki nan Florida yo pou asire yo ke kominote agrikòl la jwenn bon jan sèvis pou tout moun egal ego.

Espesyalis Pwogram MSFW sitiye nan Sant Karyè *One-Stop* sa yo:

- Workforce Plus - Gadsden, 1140 W. Clark Street, Quincy
- Workforce Plant City Career Center, 2001 E. Cherry, Plant City
- Polk Works One-Stop Career Center, 500 E. Lake Howard Dr., Winter Haven
- Suncoast Workforce - Bradenton, 3526 9th Street West, Bradenton
- Highlands One-Stop Career Center, 5901 US Hwy 27 South, Ste 1, Sebring
- St. Lucie County Career Center, 584 NW University Blvd., Suite 300, Port St. Lucie
- West Career Center, 1085 South Main Street, Belle Glade
- Homestead Career Center, 140 NE 8th Street, Homestead
- Immokalee One-Stop Career Center, 750 South 5th Street, Immokalee

Men Sèvis moun MSFW yo kapab jwenn nan nenpòt Sant Karyè *One-Stop* :

One-Stop kapab founi yon kantite sèvis pou travay, ki kapab bon pou wou. Pou w resevwa kèk nan sèvis sa yo ou k ab oblije ranpli yon aplikasyon. Gen asistans ki disponib pou ede w ranpli aplikasyon an. Nou kapab jwenn sistèm sèvis anlwa Florida la sou entènèt nan www.EmployFlorida.com.

Nou pa bezwen aplikasyon pou:

- Enfòmasyon sou ki kalite djòb ki disponib
- Enfòmasyon konsènan yon/oswa referans ba yon lòt ajans ki kab an mezi ede bay sèvis ki pa disponib nan *One-Stop*
- Pote yon plent kont *One-Stop* oswa yon djòb kote *One-Stop* te voye w
- Enfòmasyon konsènan dwa travayè agrikòl lwa eta a ak lwa federal pwoteje

Yon ti aplikasyon tou kout (pasyèl) nesèsè pou asistans avèk:

- Yon referans imedya pou yon travay, si gen youn ki disponib

Nou ta dwe ranpli yon aplikasyon ki pi long (konplè) pou pèmèt *One-Stop* founi:

- Tès Travay
- Konsiltasyon travay
- Opòtinite fòmasyon
- Referans pou Sèvis Sipò yo
- Referans travay pou kounye a oswa pou yon lòt dat pita

Yon aplikasyon ki pi long va ba nou yon rezime ki pi konplè de tout eksperyans travay ou ak bezwen w yo. Li va pèmèt nou chèche plis sèvis ke ou kapab kalifye pou yo ak kontinye chèche opòtinite travay pou wou lè w kite biwo a.

*** Si w santi ke ke yon anlwayè vyole dwa w kòm yon travayè agrikòl , rele nan nimewo telefòn ki la pou ede a travè agrikòl ki nan Florida, nan 1-800-633-3572.**